Nomer 14 | Salasa 2 October 1928 (16 Silihmoeloed 1347) | Taoen ka 5

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon: Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng.

# SIPATAHOENAN

*Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA PATAH
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasih . . . . f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Tangtos ADVERTENTIE:
Sakali moeat sadjadjar sakolom 30 sen paling saeutik 10 djadjar sakolom.
Dibajar ti pajoen.
Langganan langkoeng mirah.

## Manoeuvre (peperangan) di Tjiandjoer.

Kadjoeroeng koe napsoe, napsoe resep laladjo, katoeroeg-toeroeg saoemoer njoenjoehoen hoeloe teu atjan pisan ngalaladjoanan anoe sakitoe model abengna, makaakeun maneh dibelaan menta dibekelan ka bararoedak, hajang didjeudjeuhkeun laladjo ka Tjiandjoer. Gawe bakoe, gawe koelir, tjag ditoenda, leos indit, indit kakareta apian ngadjoegdjoeg ka tempat noe rek aja peperangan tea.

Ti barang ngaliwat halteu Tjirandjang hate kaget, naha ari di Tjiandjoer halodo banget-banget teuing nepi ka sawah-sawah bareulah tarelaan, toer aja noe geus dipatjoel disilep malah radjeun tembong anoe beunang ngangler. Sabot keur ngahoeleng mikiran eta, bet rame babatoeran anoe njaba njaritakeun hal eta. Roepana maranehanana priboemi di dinja, da teteg pisan njaritakeunana, jen eta teh lain koe halodo, atawa gorengna pangoeroes tjai (irrigatie) sampe tjoekoep, sampe adil madjarkeun teh bareulah soteh aja parentah ti noe agoeng koedoe disaatan, sina toehoer, sabab rek dipake lapang peperangan.

Barang ngeng kadenge kitoe, koering masang koeping, ngadeseek ngadedengekeun.

Aja soerang noe nembrong, pokna: „Lamoen dina perang enjaan koedoe ngadadak ngagaringan heula sawah, meureun moal sakoemaha waloeratna. Tapi ajeuna mah koe sabab toeman di sawah beunang ngagaringkeun, boa ngaroemas pisan (teu bisa) lamoen dina gerna enjaan, koedoe loempat atawa leumpang dina galeng baseuh atawa djeblog.

Bet palinter singhoreng. ari noe pinter.

Koering, dina waktoe harita, geus ngarasa beubeunangan, boga oleh-oleh goear-goeareun indoeng baroedak dimana balik; tjeuk rasa, komo engke mah dimana geus njaksian doer-dor sili bedilna, meureun moal ngarasa roegi njanjabaan teh, sanadjan bekel beunang tejan oge.

Sanggeus kitoe, prak deui ngabandoengan noe njararita. Aja noe njaritakeun karoegian ongkos-ongkos matjoel djeung njilep, aja noe njaritakeun binih meh paeh, aja noe njaritakeun awewe rawah-riwih tjeurik, lantaran pakajana tea ngamoeradirkeun tanaga djeung balandja. djeung aja oge anoe njarita laoekna koedoe didjoeal dipoeral-perol, dimoemoerah, da sarerea koedoe ngabedahbedahkeun balong sawahna; djadi ambreg pisan djoedjoealan di pasar teh, anoe harga biasa lima genep sen teh, tjenah mah seuseut pajoe sabenggoi oge.

Djadi . . . madjarkeun teh karoegianana koe doea koe tiloe, nja ongkos-ongkos oeroet ngagaroe djeung matjoel, nja pabinihan djeung binih roeksak, nja laoek emsa dipoeral-perol; djadi roegi manglipet lipet, sabab engke teh dimana geus rengse peperangan koedoe sa deui bae dipigawe ngawaratah.

Meureun aja poeloeh doea-tiloena roepia dina oenggal baoe, lamoen ditotal djendral karoegianana, madjarkeun teh.

Saharita koering teu mertjaja kana eta tjaritaan teh, sok asa pirakoe diantep koe noe agoeng karoegian kasoesahan anoe lentik.

Tapi sapandjang koering dina kareta nepi ka tjoendoek ka Tjiandjoer nja kitoe bae noe djadi tjarita teh, saroea teu aja bedana. Ti dinja kakara datang asa-asa, naha enja atawa henteu model kieu teh, ari sababna teu katjeta dilalaworakeunana.

Aja deui sawareh noe meper, tjenah oentoeng, engkena sawah teh djadi hade lantaran taneuhna djadi haseum koe bareulah tea, tapi ieu teh pada ngabohong, da teu kitoe ari boektina mah, wadoel bae eta mah, ngan oekoer pamanggih boekoe djeung keretas.

Toengtoengna koering mah seuri koneng djeung nalangsa bangsa sorangan bodo-kabina bina teuing, bet anggoer ngomong di toekang, benerna pek oendjoekan ka menak kitoe-kitoe reudjeung kieu kieu . . . . , pirakoe menak noe sakitoe adilna ngantep.

Warna sihoreng ari manoesa!

Tapi aja oge noe njarita, madjarkeun teh dibongan-bongan njarambeot lain dina waktoe, kapan geus poegoeh palanggeranana nja eta dina boelan September.

Karoenja, keur noe sok karoenjaan mah, da eta djelema teh, saperkara geus noeroetkeun biasa, kadoea moen enja teu meunang meureun tangtoe ditjarek, dihoekoem, koemaha bae, katoeroeg toeroeg tjai geus mahi Tjenah . . . . . tjai beunang maling, atoeh naha moen ditangkep ti bareto, djeung ti bareto oge euweuh noe gehger kapalingan tjai.

Aja, ari kapertjajaan koering mah saeutik, taksiran bae djelema ting rarahoel, haleoemandeuar teh, tatjan dipaparin terang koe menak, jen karoegian-karoegian teh rek diganti. Tjatjakan moen diwawarkeun ti memehna mah, moal kitoe.

Njaeta, bakating koe belet djeung teu timoe.

Samemehna mah, koering boga ingetan hajang ngaboektikeun eta tjaritaan-tjaritaan teh, naha enja atawa henteu, tapi ari dipikir-pikir ka tjape-tjape, moal aja noe ngabintangan ieuh, pilakadar djelema pareman, make hajang miloe tjampoer oeloe bioeng ka noe kitoe, tjara noe teu pertjaja ka menak, toer menak mah noe koedoe njaah ka abdina. Koeriak teuing disangka „Si Merah" oetrak atrok ka pilemboeran, heug dipanjabaan.

Ieu mah, teu aja deui djampena, kadjaba ti pasrah koemaha pamendak menak. salah bae somah boga rasa kitoe, koedoe diterangkeun koe menak, oelah sina ngarasa teungteuingeun djeung nanggoeng roegi sakitoe gedena. Bener bae si somah, salah di menak, teu langkoeng kersa, da adil, pinter, binekas geus aja di ajandjeunna, ngan ari sakoeringeun rek mangnedakeun moega-moega moegi-moegi oelah raroegi djeung baralangsak.

***

### Rarasaan (indrukken).

Koering datang ka setatsion memeh poekoel doea welas poë Kemis. Di dinja geus njampak wagon wagon militer, soldadoe balawiri, djelema djelema ngarogrog di sisi djalan, tjenah rek laladjo soldadoe datang, poekoel 12¼. Atoeh koering asa mobok tjadas manggih emas, toeloej bae miloe tjampoer ka noe loba, ngadjanteng bari malengek, mentjrong hareupeun setatsion anoe sok pinoeh koe per (sado) teh, mani tjaang, ngan loeloer-lalar noe dibaradjoe hedjo bae, tinggeridig tinggaleproek, leumpang adjeg, dada vooruit, opsir opsir tinglalintrik.

Barang sengek tanggara kareta datang, djalma objag moendoer njisi, tjampoer sieun djeung hajang awas. Naha . . . . ana leugeudeut teh taroeroen tina kareta api, mani oejek mani oetej, teu poegoeh bingbilanganana, setatsion anoe sakitoe marakbakna teh, ngadak ngadak salin roepa djadi hedjo, tingdjaligrag angkariboeng tjara noe rek pindah, nja ngelek, nja ngagandong, nja njoren, pedang ngalalangsar, bedil rantjoeng, sapatoe tingkaledeproek.

Bakating koe baloeas tjampoer djeung ketir, katoeroeg toeroeg kostim sakitoe matak gimirna, mani roet ret ka ditoe ka dieu teh, deudeuleuan djiga hedjo bae. Beungeut noe laladjo djiga hedjo, geloeng awewe awewe djiga gandongan soldadoe, karembong djiga pedang disorendang, selopna oge bakating koe deungdeuleueun mani djiga sapatoe soldadoe; kolot boedak, awewe lalaki mani deudeuleuan teh djiga soldadoe bae.

Teu koengsi lila dibariskeun di hareupeun setatsion rek indit. Estoening repeh, rapih, djempe djempling, noe kadenge ngan noe ngoemendir bae, pedang toeboerinjajan miloe njarita, ting sareak sora sapatoe. Teu koengsi sapoeloeh menit geus teras ngabaris opat opat anoe natrat, lempeng djetjeng djadjaranana, adjeg pantjeg taugtoenganana, dada njodor ka hareup tjangkeung tenggeng meueusan.

Moesik ti heula. Naha ana teretettt sora tarompet, toerelloek sora tamboer, leketejjj teh hate, mani rarasaan lesoe, baloeas, waas patjampoer djeung ketir, nendjo soldadoe leumpang, bantajanana ting aremplad hedjo, satoengtoeng deuleu, leumpang djaroenoen saroea gantjangna. Anoe kadenge ngan . . . . . kotoprak kotoprak, djeung in—toewi—in-toewi.

Hate, geus teu karasa deui, djo! pok ngomong sorangan: „Moegi Goesti noe Maha Soetji, njalametkeun tanah abdi tina peperangan. Komo dina prakna enjaan, tjatjakan koe noe rek bobodoan oge, geus asa ngapoeng pangatjian."

Geus kitoe koering noetoerkeun pandeuri ngadjoegdjoeg ka pamondokan, kabeneran boga kawawoehan di peuntaseun setatsion pisan.

Sanggeusna ngaso, pasosorena ngalantoeng ka djalan, tet deudeuleuan tjara di setatsion tadi bae, noe lalar liwat teh ngan hedjo bae, oerang priboemi mah estoe ting arentang lobana teh kasilibkeun kabina bina.

Bieuna mah koering teh rek ngorondjoan „Ja Alloh" keur ngirim baroedak, tapi doemadakan, boh kolot boh boedak, roeroepaanana teh teu aja kaberaganana, wawaoen noe sasari teh, roepana les bae leungit kasilihkeun koe kasieun. boedak bangor djadi loenggoeh, kolot perengih djadi lempes, da kalindih koe noe dibaradjoe hedjo, sararingeu, mani djalan pinoeh koe do sol-do-sol sol, lamoen soldadoe djawa, noe pangkoer noe poetjoeng, nepi ka peuting teu reureuh pili genti, los-bot.

Anoe toekang dagang „sate-atah" oge mani raat, anoe sasari rendang teh tjek priboemina. Sieun, meureun!

—**—

### Oentoeng.

Tadi koering njaritakeun noe boga rasa roegi; tapi nja eta atoeh sagala oge koedoe aja lalajanana bae, da loba oge noe meunang oentoeng koe noe rek ameng peperangan mitjeunan obat djeung bebekelan teh.

Kabeh toekang dagang, tina sirop, kana tjikopi, tjaoe djeung dadahareun djaba ti eta, teu woedoe maroetjekil, sabalikna ti noe ngadjoealan laoek emas. Ieu mah harga sasen djadi doea sen, noe sabenggol djadi lima sen, djaba ti peren-peren bae teh. Dideuleukeunana teh mani tjaroeringhak, lalingsig koe aja noe peperangan teh, ngan aja gelendengna sieun ditambah padjeg kasab pedah toeman boga bati ketip bidji ketip doea, ari ajeuna make aja perakna.

Losmen setatsion mani sesek djedjel, pinoeh metet, imah-imah noe karosong ngadak-ngadak areusian, di pilemboeran djelema-djelema priboemi geus soesah bidjil ari noe teu boga lawang doea mah, da kagok koe semah semah noe baradjoe hedjo, ngarereb di oenggal tepas. Sakabeh tepas mani djiga ditjet hedjo bae, dihiasan koe pedang tinggarawing dina bilik, bedil tingsarande, gandongan tinglaleemboek.

Naradjang di semahna noe arantieum teu sakoemaha karagokna, tapi ari ninggang anoe „perengih kalepasan" mah, lapoer priboemi teh mani alah batan tjoetjoeroet kaiboen. Ieu mah taloeng keneh, koemaha eta mah lamoen priboemina ewe randa, roepana hatam dina kabaloeasanana.

Bioskop oenggal peuting heurin oesik, tjoekoel tjoekoel bae beubeunanganana. Dajeuh anoe sakitoe sepina djadi rame, rame loba djelema, isoek sore tarompet neretet tot—to—it—tot—to—ittt, aja ngahoedangkeun, aja ngabagi dahareun, aja sagala, Moesik-tan tjidor oenggal peuting teu aja kendatna, noe ngalaladjoan teu woedoe loba kanebdieunnakeun mah, da roepana geus teu patu sarieunneun teuing tjara mimiti.

Djelema djelema anoe kasemahan di tepasna, bedjana mah meunang paroeroegi, ibarat sewaan, tina saoerangna ingdalem sapeuting doea cent. Doeka . . . . , jaktos henteuna mah.

Moen enja mah, nja teu woedoe bae boeroeh reged.

**

### Prakna peperangan.

Isoek-isoek poë Djoemaah, malah reboen-reboen keneh koering geus pamit ka noe diandjangan, moal ngadagoan sangraj saugoe heula, tina hajang geura prak laladjo noe perang, djeung hajang terang dina inditna. Toeloej saged dibendo ditjangreud pageuh, samping nengah bitis, teu make taroempah taroempah atjan da sieun aja roesoeh ambeh babari ngatjir; kentjling indit mapaj djalan, noetoerkeun aleutan djelema.

Teu sabaraha lilana leugeudeut deui serdadoe mani mangpirang pirang leuwih saregoet leuwih djaragdjag, mani ngantaj ngemplad sapandjang dajeuh. Heuleut sawatara lilana ti dieu, leugeudeut deui serdadoe noe taroempak koeda, tingkotoprak, koeda mani satoël-satoël, lalintoeh baloeteter, bangoen aloes pangoma, djeung seubeuh hakanna teh. Sakapeung diderapkeun, sakapeung ditjoogklangkeun madjoena teh; mariem ting goeroedoeg ditarik koe koeda noe galede tea.

Koe lantaran teu oentoepan ari noetoerkeun mah, toeloej bae diselang oelin heula ngadjadjah dajeuh, pabenbeurang leos indit deui noetoerkeun abringan noe rek laladjo tea. Soegan tea mah ngan koering bae anoe kadedemes koe laladjoëun teh, sing horeng oerang priboemina oge tjara koering bae semah, mani tjara noe rek laladjo ka pasar malem bae riabna teh.

Barang geus aja doea tiloe palna ti dajeuh, mimiti koering nendjo soldadoe tinggaroendoek sakopralna sasarsanna, aja noe di sawah ngadarepong, aja noe dilemboer, aja noe di sisi-sisi soesoekan, nerekab di manamana, tjloe-tjlo di ditoe di dieu.

Di djalan djalan atoeh noe pasang telepon diiring iring koe noe toempak koeda. Motor kareta mesin pating salebroeng geus poegoeh ari koeda tegar mah, ka ditoe ka dieu marawa soerat parentah, roepana mah.

Tjeuk anoe jarasa tjatoer mah, atoer atoeranana teh djiga tjara kitoe; tapi doeka da noe poegoeh mah, asa laladjo „teu kaharti" bae. Goendoekan-goendoekan teh aja noe koedoe madjoe, aja noe dititah moendoer. Teu koengsi lila doer-dor di ditoe, dereded-dereded sora bedil mesin di dieu, djelegoer djelegoer mariem mani asa eundeur boemi alam.

Tapi ari moesoehna mah, soldadoe Bandoeng tjenah anoe diaanvalna, teu awas, da sili soempoetan tea.

Euleuh, tjek dina djero hate, bet obat, dipitjeunan, lamoen seug dipake bebedil manoek, atawa banteng meureun matak tjoekoel beubeunangan. Teu karoenja-roenjaeun ka noe ngoempoelkeun sadoeit sapeser, bet dimonjah monjah.

Bakating koe geus bosen geloet djeung teu timoe, toeloej koering ngawanter-wanter maneh, nanjakeun ka serdadoe anoe semoe lindeuk. Ari djawabna: „Iah, bagitoeh sadjah, dari sinih sanpal sanah, nantinjah bisa ketemoe".

Koering beuki bingoeng da nanja teu meunang boeboekan, ngan oekoer meunang boeboekan sinih djeung sitoeh, baginih reudjeung bagitoeh. Djiga tjidoeh djeung tjidoeh bae kanjahona dibanding djeung koering teh.

Tina bosen djeung bosen tjampoer djeung koerang resep lantaran teu njaho salaug soeroepna, leos bae balik, nawaetoe rek ngadago dago bedja ti noe njaho pisan.

Isoekna poë Saptoe kentjling balik deui sono ka baroedak, da ari oleh oleh mah ngan sakieu kieuna.

**Poerwa Lalana.**

## Studiefonds „Bekel Pangoengsi Harti"

### STATUTEN SAHEULAANAN

Samboengan.

Artikel 13.

Pertoeloengan ieu perkoelan njaeta mere ngahoetang doeit keur ongkos diadjar henteu make renten.

Artikel 14.

Robahan ieu statuten dianggap sah, lamoen sakoerang koerangna dirempoegan koe ⅔ na lid noe aja dina algemeene ledenvergadering, anoe diajakeunana ngahadja pikeun ngabadamikeun hal eta.

Artikel 15.

Lamoen kadjadian ieu pagoejoeban dikoebrakeun, djalanna koedoe noeroetkeun Burgerlijk Wetboek artikel 1665, sarta lamoen aja sesana bakal didermakeun ka noe maksoedna rek ngamadjoekeun pangadjaran oerang priboemi.

Artikel 16.

Naon noe katimbang perloe sarta dina ieu statuten atjan kasaboet, bakal diatoer dina Huishoudelijk Reglement.

Artikel 17.

Njimpang tina noe dipastikeun dina ieu statuten, pikeun mimiti noe kapilih djadi lid lid pangoeroes:

| | |
|---|---|
| M. Masdoeki bin Achsan | president |
| K. Karnadidjaja | vice president |
| E. Bratakoesoema | 1e secretaris |
| Mdt. Winatapoera | 2e secretaris |
| A. Wirasasmita | penningmeester |
| S. Wirasasmita | commissaris |
| Basoeki | |

Ieu statuten nembe sarantjangna bae, badanteukeuneun deui dina kempelan lid-lid.

Huishoudelijk Reglement atjan tiasa ditjitak, margi rada abot ongkosna; panginten engke njoesoel pandeuri oepami kaajaan kas parantos kiat.

(*)

## Tjoerat - tjaret

*Kaom terpeladjar djeung rahajat.*

Ajeuna - ajeuna mani oenggal soerat kabar Walanda pada soson - soson nembongkeun timbanganana tina hal hiroep koemboeh bangsa - oerang, oerang priboemi. Lain toekang soerat kabar bae, oge bangsa tjikot tjikot, saperti toean Colijn, Treub djeung ihwanna pada mere recept ka Pamarentah, geusan ngoebaran kasakit noe geus toemerap ka oerang Indonesia; kasakit „boga rasa ahir baleg."

Noeroetkeun timbanganana toean Colijn djeung ihwanna saperti *De Loc.* djeung *Soerab. Hbl.* anoe ilahar disareboet intellectueelen tea noe palinter, noe geus meunang pangadjaran, eta saenjana djelema noe teu ka ditoe teu kadieu. Ti rahajat geus ingkar, pokna teh, ka kaom koelon teu kaasoep. Moen hade pok mah meureun harajangeunnana njeboet teh kaom koemitoet.

Diseboetkeun, madjar kahajangna intellectueelen, eta sama sakali oelah dianggap saroea djeung kalangkangna kahajang rahajat. Koe sabab eta pamarentah oelah rek ngadengekeun soemawonna ngagoegoe kana gorowokna noe geus mareunang pangadjaran tea.

Soerat kabar *De Loc.* pohara njempadna kana djalanna paparentahan noe ajeuna, nja noe di oerang, nja noe di Nagri. Madjar teh tjenah, lantaran teu njaho dikaajaan noe sabenerna, heug bae marentah Indonesia noe aja dina tjiptaanana.

Ieu teh ka Pamarentah noe ngan sakieu boektina! Komo moen aja Pamarentah noe sod aja deuleueunana djeung rasakeunana keur oerang.

Ana dipikir-pikir matak kaget noe aja, oepama matja timbanganana soerat kabar Walanda—atawa oerang Koelon sakoemna—tina hal hiroep koemboeh oerang priboemi. Teu inggis-inggis teu kireum-kireum djedod bae ditoelis: *kaom terpeladjar ingkar ti rahajat noe loba.*

Naha di mana geus aja kadjadian pikiran bareng meleutoeng di sakabeh djelema, di sakoemna rahajat?

Naha di Nagri Walanda djelema djelema teh oedjoeg oedjoeg breug bae kabeh saroea pinterna?

Kana kaajaan bangsa priboemi, kana kahajangna, kasoengkanna, kana kangeunahna djeung teu ngeunahna —tjindekna kana oesik malik sanoebari -moal aja noe leuwih njaho batan oerang priboemi sorangan.

Koemaha Walanda rek bisa nimbang-nimbang ngeunah teu ngeunahna oepamana bae tina hal ngarouda, da poegoeh manehna mah teu paoekpaoek!

Koemaha rek bisa njeboetkeun senang teu senangna digawekeun teu karana meunang boeroehan, da Walanda mah tara!

Koemaha rek bisana netepkeun oerang priboemi soegema koe atoeran milih loerah, da Walanda mah teu njaho aladoenina!

Koemaha rek bisana nimbang kaajaan oerang priboemi, da pirang pirang perkara noe koe oerang priboemi karandapan, koe Walanda mah teu kaasaan.

Dimana petana bisa ngarasakeun!

Kakara oerang bisa nimbang, lamoen oerang njaho. Toer dina lebah dieu teu tjoekoep koe njaho woeng koel. Koedoe ngarasa. Tah kakara njaho peuheurna.

Ari oerang priboemi noe geus meunang pangadjaran, sanadjan sorangan teu ngarandapan, tapi boh kolotna boh barajana koedoe geus ngasaan roepa - roepa atoeran noe karasa beurat koe maranehanana. Ka saha rek loempatna, ka saha rek njalindoengna, oepama teu ka barajana atawa bangsana noe geus beunta. Oerang koelon oelah poho, nadjan sapoeloeh kali wani, sapoeloeh kali tjonggah, sapoeloeh kali pertjaja oerang priboemi ka semah, moal wani, tjonggah, pertjaja tjara ka bangsana, kitoe oge ka bangsana noe koe manehna kadeuleu atjan tjlok ti peuntas.

Si Rahajat, si Bodo, nadjan baliloe beh ditoeeun baliloe, rasa ngeunah djeung teu ngeunah mah boga. Ngan koe kabodoanana rasana teu bisa tembong ka *deungeun.* . . .

Lain poeloehan deui taoen, tapi ratoesan, sanoebari Marhaen keur oerang koelon mah teu aja kelemeng kelemengna. . Tjeuk Walanda mah een *gesloten boek.*

Kabehdieunakeun nja tembongna koe djelema noe palalinter tea. Tapi ari geus atra dilain-lain.

Heug bae anggoer njeboet, madjar noe terpeladjar mah ingkar tina hiroep koemboeh oerang priboemi. Tapi henteu ari sakabeh Walanda mah kitoe. Ieu mah babakoena kaom noe tara ngagehan deungeun. Noe teu bisa atawa emboeng ngaragap dadana sorangan. Nilik kana boekti boekti, kawas noe kararieu mah, kakara tjoeringhak, moen aja deui kadjadian tjara boelan November 1926.

Tapi oentoeng keur rahajat Walanda, aja keneh noe palinter, noe ngoekoehan kana *„herang tjaina, beunang laoekna"*

Boektina?

Menta parlemen toelen . , . dibere paparlemenan.

Menta meer bevoedheden . . . . dibere Inl. meerderheid.

Noe keur oerang teu sabaraha goenana.

Maloemlah: *een kinderhand is gauw gevuld.* (leungeun boedak mah babari pinoeh koe saeutik).

Naha angger bae boedak?

Ieu oge koe Pamarentah oelah rek dibaekeun. Sing didjaga si leungeun oelah nepi ka *meureup,* lantaran saeutik teuing merena.

*Abah si Ent.ep.*

---

## (*)

Ieu pagoejoeban diadegkeun dina malem Rebo ping 26 ka 27 October 1926. Ngawitan moengoet contributie ti 1 Januari 1927 sgeungna f 0.50 (lima poeloeh sen) sasasih.

Doegi ka ping 1 Juni 1927 noe lebet parantos aja 34 lid, tjatjakan bestuur atjan ngahadja ngadamei propaganda. Ieu hidji tanda jen pagoejoeban noe saroepi kieu teu kinten perloena pikeun oerang priboemi.

Oenggal taoen bangsa oerang sakitoe noe kaloear ti Mulo, ti A. M. S. dj. s. t. seueur noe teu tiasa neraskeun pangadjaranana, basana: *teu aja ongkos.*

Mangga, bade koe saha ditoeloenganana oepami henteu koe oerang? Ngantosan pamere deungeun mah, hamo.

Ieu pagoejoeban maksadna sanes bade noeloeng anak lid woengkoel, namoeng sadaja bae, henteu diwidji widji, asal oerang priboemi sareng madjeng pangartosna. Noe lebet djadi lid maksadna bade mantoean noe loengan noe kalaparan koe pangarti.

Noe satoedjoe sareng pamaksadan ieu pagoejoeban, kanteuan diantos antos lebet djadi lid. Sanaos saena moendoet djadi lid teh ka ie secretaris, namoeng ngarah gampil kenging oge soemping ka salasawios lid bestuur noe kasebat di loehoer.

Moegi moegi pagoejoeban *„Bekel Pangoengsi Harti"* sakedap deui tiasa djadi pamoentangan oerang priboemi sadaja.

Sareng tangtos pisan djadina kitoe, asal sadaja pada bareng-bareng ngadjoengdjoengna.

Bandoeng, Juni '27 E. Br.

---

## Handenarbeid di sakola klas II.

Kana goemelarna ieu pangadjaran di sakola-sakola klas II noe ditetepkeun(?) dina rooster ajeuna noe anjar, koering panoedjoe oge. Noe matak panoedjoe teh, reh eta ngingetkeun kana maksoedna. Koe ingetan koering noe deukeut deuleu, toena koe pangabisa. maksoedna ieu pangadjaran teh. nja eta soepaja pagawean leungeun, koe baroedak oelah disangka pagawean anoe kasar (pagawean aki - aki, pagawean somah, at. pagawean noe masakat), sabab ajeuna koe pangira loba baroedak kaloearan ti eta sakola, anoe ngarasa hina lamoen rek digawe kitoe, lantaran manehna ngarasa geus boga pangarti noe lain ka dinja pigoenaeunana.

Djadi koe ajana ieu pangadjaran bisa djadi engke ka hareup bangsa oerang loba anoe ngagedekeun (resep) neangan kahiroepan koe metakeun ieu pangadjaran.

Katjida handjakalna, moen ieu pangadjaran teu diadjarkeun kalawan saenjana, da tangtoe pisan nadjan maksoedna aloes pisan oge, moen salah dina ngadjalankeunana mah, mo bisa kaarah hasilna saperti koe ditjita-tjita, malah bisa kadjadian, lain aloesna noe katembong teh, tapi gorengna.

Ieu oge kana pangadjaran teh, koering rempoeg (setoedjoe) teh kakara semet koe ajana bae woengkoel ari „sagemblengna" mah tatjan. Lain koering bae, tapi bisa djadi meh sarerea. Naonana noe matak teu panoedjoe teh?

Eta dina bab **„ngadjalankeunana"!!** Hal ieu, moegi noe wadjib, pangpangna mah Inspectie meureun sing nganamah anoe langkoeng paos! Geura mangga manahan, koemaha piboeaheunana, moen ieu pangadjaran didjalankeun tjara ajeuna.

Apan ari ajeuna mah, noe ngadjalankeun ieu teh, nja djoeragan-djoeragan Goeroe di eta sakola bae Koemaha beubeunanganana? Nja aja oge anoe sae, tapi rereana koe sabab noe djadi goeroena oge kana hal ieu teh —kadjaba noe aja bakat— teu aja (teu meunang) pangadjaran koe oerang oge bisa kaharti!

Koe sabab kieu ngadjalankeunana, toengtoengna ieu pangadjaran teh lain tembong hadena, tapi gorengna noe poegoeh mah. Nadjan maksoed aloes oge, da poegoeh goreng (salah) ngadjalankeun, bet teu katoong pibadeeunana.

Koemaha atoeh akalna, sangkan bisa aloes djadina?

Taja deui ngan sipatna sakola klas II koedoe dirobah sina djadi ambachtschool. Oepama teu bisa kieu, eta pangadjaran tong diajakeun di sakola kl. II. tapi reaan ajana sakola ambacht. (sakoerang - koerangna sakola karadjinan).

Tapi ieu teh teu bisa dilakoekeun sabab makan ongkos meureun tjenah: Enja, atoeh moen teu bisa kitoe, goeroena bae sina meunang pangadjaran handenarbeid, naha koe ngajakeun cursus, tjara bareto spelcursus, seug ti oenggal-oenggal sakola milih hidji goeroe noe sina diadjar di eta cursus, atawa ngangkat goeroe ti Ambachtschool oepamana, anoe special ngadjar handenarbeid woengkoel.

Ja, ieu oge teu bisa dibakoekeun sabab „makan ongkos" lagi!!

Hih, koedoe koemaha atoeh. Nja lamoen kitoe mah, leuwih hade entong diajakeun bae, keur naon da moal aja (saeutik) pisan goenana. Toengtoengna lain rek narik (ngajakeun) pikiran baroedak sina resep, tapi mingpin sina bosen.

Poegoeh bae, dimana-mana oge moen pagawean hajang hade, aloes djadina, nepi ka noe ditjita-tjita koedoe aja ongkosna. Oelah ari pagawean hajang aloes, ari ngaloearkeun ongkos emboeng. Dimana rek bisana!

Aja deui kahajang koering djaba ti ieu teh, nja eta tina hal „baroedak awewe" di eta sakola.

Wirehing ajeuna baroedak lalaki geus nibere pangadjaran handenarbeid; koemaha pigaweeunana baroedak awewe dina waktoe eta pangadjaran? Bener ari teu oenggal sakola kl II tea mah, loba moerid awewe, tapi teu koerang-koerang. sakola noe ngabogaan moerid awewe (ti kl. III t/m kl V) noe leuwih ti 15 atawa 20. Tah koema pigaweeunana? Naha sina njieun aseupan deui bae?

Nja leuwih hade di eta tempat diajaan meisjes Kopschool atoeh. Tapi ieu oge teu bisa, sebab banjak ongkos lagi! Ieu atoeh noe teu banjak ongkos: „Di sakola-sakola klas II noe rea baroedak awewena, njoehoenkeun soepaja diajaan hidji goeroe ti Van Deventerschool."

Waktoe baroedak lalaki nampa pangadjaran handenarbeid; baroedak awewe bisa nampa pangadjaran „nuttige handwerken"

Moegi moegi koe noe wadjib, hal anoe diseboet di loehoer teh dimanah anoe langkoeng paos, doemoegi ka pangadjaran handenarbeid teh sing tiasa dongkap kana noe dimaksoed, noe dipiangen angen koe sadajana.

**Kambedja.**

---

## Kahiroepan djeung pagawean noe moelja.

Sabagian gede rajat Indonesia teh kahiroepanana tina tatanen djadi tangtoe kakoeatan oerang teh aja di kaoem tani.

Bangsa Indonesia teh, noeroetkeun kantor statistiek Departement van Landbouw Nijverheid en Handel

---

mah, taoen 1927 noe bisa matja djeung noelis, bangsa lalaki kakara 5,91 pct., lamoen dihidjikeun djeung awewe gitik rata 6 pct. Djadi 6 pct tina 50.000.000 ngan 3 joeta. Sana djan kitoe tapi henteu boeroeng dipainggis, dipikasieun, koe kaom sana mah (kaoem Treub. Trip Colijn djeung sakantjana), nendjo gerakna kaoem tani teh, saperti kadjadianana Ijan (poetjoek beweging) djeung sakoemaha noe geus didadarkeun koe djoer. Dr. Rivai dina Bintang Timoer, hal kamadjoeanana karet oerang Indonesia.

Dina taoen 1927 bisa ngaloearkeun 100.000 ton geutah garing = $1/6$ na tina djoemblah hasil karet sadoenja. Legana kebonna aja 600 000 H. A. Ieu leuwih lega batan djoemblahna kebon karet oerang Europa noe aja di Hindia.

Ti noe sakitoe teh aja 25% noe atjan diala geutahna. Ditaksir karet oerang Indonesia teh bisa ngaloearkeun nepi ka 200.000 ton, komo lamoen noe 25 pct. tea, geus kaala geutahna.

Lamoen ieu kahasilan tetep, sakieu lobana saperti noe enggeus enggeus, nadjan harga karet toeroen, karet oerang Europa noe aja di Indonesia. moal bisa ngadatangkeun oentoeng sama sakali.

Dina taoen 1927 teh, harga hasil karet oerang Indonesia woengkoel aja kira kira 150 joeta roepia.

Sabagian gede tina ieu djoemblah, pindah ka kantong import. Pamarentah oge narima sabagian tina ieu hasil karet oerang Indonesia, nja eta 5 pct. tina hasil uitvoerrecht.

Ieu ngadjadikeun 1 soentikan oge ka nonoman nonoman Indonesia, di mana djadina doeit djeung koempoelna kakoeatan. Lain dina korsi tempat dioekna klerk, commies djeung mandor mandor di kantor atawa di toko toko asing, tapi dina tanah deukeut kampoengna, di loear kota gede.

Make doedoekoej, tjalana pokek, bari njekel patjoel, leuwih njenangkeun batan make petji noe miring 25 graad tjalana potongan oxford, noladkeun vulpenbouder dina sakoe erlodji."

Koe poetoesanana Congres P. P. P. K. I. di Soerabaja, katjida matak ngagedekeunana hate ka kabeh oerang Indonesia, nja eta djadi ngadegna „Nationale bank" djeung „National onderwijs", nadjan rintangan tadina katjida hebatna.

Eta Nationale bank miміti bakal make kapitaal f 1000,000. Tangtoe ieu bank bakal ngaloehoerkeun daradaradjatna Indonesia; kaoem tani, dagang, bakal kadjoengdjoeng, bakal lesot tina tjangkeremanana lentah darat, noe ajeuna oemoem noelar di mana mana. Oge bangsa oerang noe nganggoer, bakal meunang roepa roepa pagawean,

Bandjirna engke sakola noe didadasaran national, bakal ngagantjangkeun naekna bilangan noe bisa matja djeung noelis, beuki rajap kaoem terpeladjar (intelect), beuki rapet ngahidjina rajat.

Saenjana dipikageundjleungna Indonesia ajeuna, lain koe gerakna noe 50 joeta Indonesier; moen njokot kana itoengan noe tadi mah, noe barisa matja kakara 3 joeta, ditjokot koe kaoem awewe noe masih loba halangan haroenganana djeung kaoem lalaki noe masih noendoetan keneh, ngan koe gerakna $\pm 1^1/_2$ joeta bae. Tjatjakan moen geus aja $1/_2$ na bae tina 50 joeta, koemaha meureun, kawasna beuki ngontjrang gorowokna.

Koe lantaran Nationale bank djeung Nationaal onderwijs teh moal rek menta subsidie ti Pamarentah, djadi teu aja deui salian ti oerang Indonesia noe koedoe pada njokong.

Oerang koedoe nembongkeun, jen bangsa oerang teh „lain bangsa noe lemoek", bisa ngadjalankeun naon naon, teu kalawan make bantoean noe sedjen.

**Soegan.**

---

## Panoembal ?

Dina Sip. tg. 4 September 1928 No. 10, sim koering geus ngabeberkeun hal djalma djalma di wewengkon tanah Tloekpoetjoeng, sakabeh ngadjalankeun gawe koempenian, anoe tadina ditetepkeun koedoe majar koe doeit.

Nja pohara riboetna teh, lantaran masing masing emboeng eleh.

Kariboetan djalma djalma djeung Toean tanah Tloekpoetjoeng, lain bae tina pasal koempenian, sakoemaha anoe kaseboet dina Sip. No. 10, tapi loba deui, ngan bae koe sim koering moal diseboetan hidji-hidjina, sabab loba teuing, djeung kaliwat, malah geus dibeber ti heula dina soerat kabar Malajoe Tiong Hoa, malah aja dina soerat kabar De Courant, sing saha djoeragan langganan Sip, oepama ngalanggan eta soerat kabar tangtoe oeninga.

Ramena djalma djalma ngalawan ka Toean tanah, ngalawan soteh lain ngalawan pasea ngadoe kabedasan (ngadoekeun pakarang), tapi ngadoekeun bebeneran, da tadina Toean tanah katjida teuing ngageutjetna ka pendoedoekna (rahajatna), maroekankeun rek salawasna bae djalma - djalma rek noeroet sakahajangna Toean tanah, kapan ajeuna mah geus sedjen deui djamanna, djaman djalma geus ngarti, geus bareunta, geus njaho dibebeneran djeung geus njaho di rasa teu adil, mangkaning koe Toean tanah rek dikeukeuhan bae, bo atoeh tiwas, hamo bisa teroes.

Ari kahajangna djalma djalma mah, anoe matak sakitoe kerasna ngalawan, enja ngalawan kalawan bener, lain hajang dibebaskeun tina sagala atoeran Toean tanah, eta lain, lain kitoe kahajangna, ngan bae anoe dipikahajang koe djalma djalma, gentjetan Toean tanah koedoe dileungitkeun, djeung atoeran Toean tanah anoe ajeuna sakitoe beuratna, menta soepaja ditoeroenkeun noe rada entengan, anoe sakira kadada koe maranehanana, kilangbara bisa noeroet atoeran atoeran saperti di tanah Gouvernement mah, meureun moal bisa, da beda atoeranana, asal anoe saroea djeung atoeran di sedjen tanah particulier bae, geuning sakitoe repeh rapihna.

Sanadjan tjeuk oewetna kitoe oge, tapi matak naon robah saeutik mah, oelah ngitoeng roegi, tapi kasalametan koedoe didjaga teh.

Toean tanah keukeuh ngoekoehan hakna noeroetkeun oewetna, nja kitoe djalma-djalma emboeng noeroet deui, satoengtoeng Toean tanah tatjan daek noeroenkeun hakna noe rada entengan, malah lamoen pakoekoeh - koekoeh salawasna, emboeng silih eledan, sim koering sok mangrisikeun, waktoe anoe teu disangka-sangka bisa aja kadjadian kariboetan sabab ningal dina galagatna, djalma djalma katjida arambekna, aloesna bae barisa nahan amarahna, toer ngadenge nasehat anoe hade ti pikak loeloegoena, sabisabisa koedoe dipegoeng, lamoen dilawan kasar, hamo bisa hasil.

Sabagian djalma - djalma tanah Tloekpoetjoeng, beunang diseboet kekentongna, geus njanggakeun rekest ka G. G. menta boeroe-boeroe tanah Tloekpoetjoeng dibeuli koe Gouvernement, ari eta rekesan geus aja dileungeun Bestuur di Bekasi. menta advies anoe tjoekoep alesanana, naha perloe tanah Tloekpoetjoeng diheulakeun dibeuli koe Gouvernement, ngan koemaha adviesna Bestuur di Bekasi, sim koering teu terang, djigana bae adviesna Bestuur di Bekasi teh, ngaroedjoekan kana eta rekesan tea, ari sababna Bestuur moal wanieun ngiloengan, estoe ditjaritakeun satarabasna, paribasa ngadek satjekna - nilas saplasna, da koe Pangagoeng oge geus kaoeninga sadjarahna,

Moega moega kahajangna somahsomah teh dikaboel koe panggagoeng.

Koelantaran ieu pagoedjroedan nepi ka kiwari tatjan eurenn, atoeh anoe djadi Bestuur katoeroeg katoetoeh ripoehna teh, eukeur mah koe gawe biasa oge geus ripoeh, ajeuna direwong koe djalma djalma anoe karelak, ngelaaeun Toean tanah, nja kitoe deui pikeun Bestuur memang kawadjibanana pikeun ngoeroes kaamanan, sakabeh pakelakan djalma djalma didjalankeun sakoemaha mistina, poetoesanana mah koemaha noe djadi Pangagoeng, toeroeg-toeroeg ka saha deui atoeh djalma djalma nja menta dioeroeskeun, kadjaba ka Bestuur. Ari kahajangna Toean tanah mah sagala perkelakan somah-somah, koe Bestuur oelah pati didenge, malah pitjeun bae ka djarian, orokaja henteu bisa, lain deui djeung baheula, kapan ajeuna mah koedoe sabenerna. henteu oela iloe ka dieu ka ditoe, estoe neutraal tjitjing di tengah tengah.

Antoekna lantaran kahajangna Toean tanah henteu digoegoe koe Bestuur, wani njangka jen djalma djalma pang na wani ngalawan teh, lantaran di loeloegoekeun koe Bestuur. Demi eta

sangkaan tjeuk sim koering mah ka tjida kaliroena, djiga pisan djalma anoe koerang pikiran, teu ngingetkeun ajeuna teh djaman koemaha.

Toean tanah ajeuna sasatna djadi boga doea moesoeh, hidji somahna, ka doea Bestuur, nja kitoe deui Bestuur ajeuna geus taki taki, barjs nam panan naoer ketakna Toean tanah.

Aloesna bae noe djadi Wadana djeung Assistent Wadana Bekasi djalma tebel, gede wawanen, teu inggis djadi korban, estoe kalem ngalawanna teh, lamoen kirang-kirang benerna ngadjalankeun kawadjibanana matak tiwas, sadjalan - djalan teh tjoetjoek woengkoel.

Ajeuna Toean tanah ngarobah noe djadi ponggawana, lain ngarobah kahajangna somah tea ieu mah tapi ngarobah ponggawana anoe tadina geus njieun kakoesoetan, dipindah-pindahkeun ka sedjen tempat, aja oge noe tetep, tapi lain deui tjekelanana, saperti Toean T. L. Oej administrateur Premboen dipindahkeun ka Tjoekpoetjoeng, Toean E. Elia administrateur tanah Tjakoeng, oge dipindahkeun ka Tjoekpoetjoeng maksoedna Toean tanah, sina ngabereskeun karriboetan noe ajeuna, saugkan djalma-djalma noeroet deui.

Euja pangna Toean T. L. Oeij djeung E. Elia dipindahkeun ka Tjoekpoetjoeng, sasat didjieun toembal, soepaja bisa tjageur deui. Atawa Toean T. L. Oeij djeung Toean E. Elia teh didjieun doekoen sina njampe eta panjakit.

Naha bisaeun kira-kirana Toean T. L. Oeij djeung Toean Elia njampe nepi ka tjageurna? Wallahoealam! bisa teu bisa oge nja koedoe bae didjalankeun, da kawadjibanana, hanas teu tjageur bae, pikeun manehna mah teu djadi karoegian, ngaranna oge noe koemawoela, ngan sakoemaha pamanggih sim koering, lantaran ieu panjakit geus njebar ka sakoeliahna tanah Tjoekpoetjoeng, kawasna rada hese tjageur deui teh, kadongdora ditioeng oge ari geus hoedjan mah, henteu ti bareto ditoembalna (dioebaranana).

Karoenja bae koe Toean T. L. Oeij djeung E. Elia, djadi katempoehan boentoet maoeng, batoer anoe njieun koesoetna, manehna anoe kabagian koedoe memeres, tapi ngan oekoer memeres bae, ari beresna mah henteu, boektina nja angger keneh bae riboetna mah teu robah, poegoeh bae hese gawe teu kapake.

Njakitoe deui Toean tanah Karang tjongok, Babelan, djeung Bodjongkaratan, geus hemar hemir hatena, sok sieun katoelaran koe panjakit ti Tjoekpoetjoeng, mangkaning tepoeng wates pisan, da di tjekelanana mah repeh rapih teu aja basa kitoe kieu.

Tjeuk emoetan sim koering noe bodo, teu aja deui toembalna anoe matih, kadjaba Kangdjeng Gouvernement koedoe boeroe-boeroe basmi bibit kariboetan djeung boeroe-boeroe beuli tanah Tjoekpoetjoeng teh, pikeun ngadjaga kasalametan oemoem, da teu aja deui akalna, sangkan djadi pareum ngan koedoe kitoe, nja kitoe deui tangtoe hate somah-somah tea djadi tibra, teu aja noe dipake genah panasaran deui, da geus kalaksanakeun kahajangna, tinggal oge ngalakonan atoeran Gouvernement.

Moega-moega hal ieu dimanah koe Pangagoeng.

**Palantjongan.**

## Dwangschrift (Soerat Paksaan) Belasting 1928.

Dina isoek isoek poë Djoemaah tt. 14 Sept. 1928. waktoe koering rek indit ka kantor koeroenjoeng Djoer. djoeroetoelis Tjamat, toenggang motor, eureun hareupeun torompok, teras loengsoer mariksakeun koering, aja teu ajana dirorompok, enggal diboeroe ka tepas, ditjalikkeun dina korsi. Ladjengna njarios pang soempingna teh diboedjeug enggalna bae, wirehing njandak serat *Dwangschrift* ti kantor Belasting. Eta dwangschrift baris ngadwangschrift belasting koering taoen *1928.*

Koering ngadjenghok, karah taoen 1928 geus didwangschrift? Sadjongdjongan bengong bae teu lemek, koe heran, toenptoengna keuheul, tapi hate mah reugreug bae, da saminggoe ka toekang eta geus diloenasan, teu sieun ieuh dikoemaha oge. Tapi nadjan eta dwangschrift baris belasting anoe koe koering geus dibajar tetep ari keuheul mah. leuheung basa ieu geus loenas, tapi koemaha tjatjakan lamoen majarna leuwih elat saeutik deui, meureun prang! pring! wirangrong! katambah koedoe majar dar! der! dor! (deurwaarder) sagala, toei eta teh apan tatjan meakkeun taoen, raha maui geus dipaksa, asa abong teuing sereg kaditoe-kadieu, bener ari pangalana mah aja meuevsan tapi ngan sakadar bisa keur njoempoenan belasting belasting djeung dahar sapopoë, teu aja leuwihna. Oenggal taoen koering tara teu majar belasting, ari ajeuna pedah elat bae 3 termijn taoen eta keneh, make geus ditambahan deui, dibeuratan ongkos deurwaarder sagala. Pang elat teh, aja artos dagoaneun ngantjokeun persenan, lantaran elat datangna djadi belasting oge rada elat dibajarna. Geus poegoeh ari ditjitji! termijn mah geus teu bisa, da teu tjoekoep koe kaperloean biasa oge.

Djeung kapan taoen 1928 teh tatjan beak (gawena tatjan poegoeh). Kaha jang koering mah anoe bodo lamoen tatjan beak taoen mah oelah waka didwangschrift. Kadjadian anoe ajeuna tambah riweuh ka djelema, tambah asa diteungteuinganan.

Lamoen dina termyn teu dibajar, kapan tjoekoep koe didengda oge 5% tina satermyn, entong make ditambahan deurwaarder nanaon, oedjoeg oedjoeg beletoek didwangschrift, mana sina lamoen emboengeun majar baha ka Nagri, ieu mah taja paoet kana baha ngalawan ka Nagri teh, djeung tatjan mistina pameakan taoen.

Ti bareto koering tara didwangschrift, da tara teu majar. Tapi koe atoeran ajeuna kaasoep kana kolem dwangschrift of nalatige betalers Toerta ajeuna oge koering majar teh geus heulaeun dwangschrift, djadi teteia lain koe lantaran dwangschrift koering majar teh, boga karep sorangan.

Koe noe mala s ieu oge manawi katimbang, koemaha oepami kadjadian kitoe.

Moega noe wadjib kersa ngamana hal hal ieu, sangkan oelah aja rasa diteungteuinganan.

*PA HAEN.*

## Wartos ti Administratie.

Adm: hatoer noehoen ka sadaja para Djrg: Langganan anoe parantos ngintoenkeun postwissel, Sadajana katampi. ieu di handap daerat.

SAWANGSOELNA KA SADAJA para Djrg: anoe teu ATJAN NGINTOEN. sareng anoe masih keneh KAGOENGAN TOENGGAKAN, enggal loenasan atanapi NGAWARTOSAN.

Djrg. Mr. F. H K. Lg. No. A 528 (1104) f 1,50. Djrg. S. B. Lg. No. A 529 (1105) f 1,50 Djrg. K. A. Abd. Lg. No. 940 f 2,50 djrg S. lebet Lg. No. 1107 f 3,— Djrg. R. S. Lg. No. 1045 f 1,50 Djrg. R. I. B. Lg. No. 424 f 4 50 artos lebetna 4 kw. 27, I IIe. kw. 28. Djrg. R. P. A. Lg. No. 756 artos kintoenan kanggo doegi ka sasih November katampi, moegi kersa nawakoep, koe margi kaliroe, noe f 0 50 katampi, Djrg. K. Lg No. 769 f 1.50. Djrg. S Lg. No. 967 f 1,50. Djrg. R. B. Lg. No. 1044 f 1.50 Djrg. I. H. M. f 1,50. Lebet Lg. No. 1108 Djrg, M. Dj. f 1,50 lebet Lg. No. 1109 Djrg. K. K. S. f 1,50 lebet Lg. No. 1110. Djrg. Kd. L. f 1,50 lebet Lg. No. 1111. Djrg. A. K. Lg. No. 956 f 1,50.

## Vereeniging van Middelbaar personeel v/d Post Telegraaf-en Telefoondienst.

Dina poë Minggoe tanggal 23 September 1928, personeel P.T.T. dienst di Bandoeng, geus ngajakeun vergadering tempatna di djero zaal Postkantoor Bandoeng (tadina rek diajakeun di Societeit Ons Genoegen).

Anoe daratang kana eta vergadering teh kira-kira aja 50 djalma pagawe P. T. T. dienst, sarta katjampoeran hidji—doea oerang loear.

Poekoel 9 liwat vergadering diboeka koe Voorzitter Djoeragan Tabir boeboeka vergadering sakoemaha biasa bae, nganoehoenkeun ka sakoer anoe geus merloekeun datang.

Mimiti anoe kagiliran njarita toean de la Fosse Hoofdkantoorchef di Postkantoor Bandoeng. Andjeunna ngadadarkeun jen katjida perloena Middelbaar personeel ngajakeun pakoempoelan sorangan, komo deui ajeuna mah saenggeusna aja P. T. T. Cursus, anoe narima pimoerideun anoe kakara kaloear tina bangkoe sakola. Dina djero doea taoen maranehanana diadjar di Cursus tea, geus bisa djadi Chef, sarta baris marentah ka personeel anoe geus lila digawena, padahal dina gawe mah, tangtoe pisan leuwih tabah anoe geus lila digarawena. Koe sabab eta, katjida perloena oerang ngajakeun pagoejoeban dina groep sorangan bae. Koe oerang sarerea karasa jen di golongan S. S. leuwih hade positiena ti batan di P. T. T.

Cursus P. T. T. dienst leuwih rea nampana pimoerideun ti bangkoe sakola ti batan pagawe anoe geus aja dina kalangan dienst. Sanadjan enja oge aja Part. Commiesen Cursus tapi bajaranana katjida pisan gedena. Pikeun karereanana djalma taja petana pibisaeun majar f 20,— saboelan.

Cursus P. T. T. tangtoe dina oenggal taoen bisa ngaloearkeun sababaraha


# TOKO
# NIC MULLER

Goenoenglados 15 Telepon No. 26

**TASIKMALAJA.**

SAGALA LANDONG SAJAGI.

Oepami moendoet prijskoran kenging pry.

Anoe parantos kenal di toko kenging NGABON (rekening) Remboursement ka mana-mana anoe teu atjan kenal.

Sajagi : Verbandtrommel (tromel anoe dieusi koe sagala kaperloean di noe tebih ti dokter atanapi ti roemah sakit. Pohara perloe disajagikeun di dessa.

kabar djeung atoeranana kenging di toko

Pangaos compleet moeng f 12.50

Sajagi : PAINKILLER (landong sapoe goena) anoe tiasa dianggo kana sagala kasawat di djero sareng tiasa dianggo ngosok salira.

Sajagi : TJELEP (sepoehan) anggoeun njelep rakoekan, samping badjoe s. n. k.

Sajagi : Sagala landong Pateut sareng sagala landong noe saues².
Pangaos tjotjog pisan.

Sajagi : Bangsa kolonjo, lisah seungit wedak wedakan, pendekna ka perloean toilet istri sareng pameget.

Sajagi : Sesepeun sareng goela-goela.

Mangga tingalian ka toko, di tampi sareng kaweningan hate.

Noe ngantos

**NIC MULLER.**



Wawatjan Lalang Sech Abdoel Kodir Djaelani tamat 100+50 manakib pangaos f 4 —

Kantoen saeutik deui. Boekoena kandel ageung djilid karton dikembang kembang

Weweling ka noe aranom sareng sepoeh f 0 30 karangan Boedjangga Djoeragan Aria Mangoenredja, teu kedah dipoedji deui.

Noe ngantos pesenan
R. Tisnawidjaja.
Penningmeester B. K.
Djadjawaj
Tasikmalaja.

Kenging oge ngagaleuh ka Toko v/h Pasoendan Tasikmalaja.



Schoenmakerij en Kleermakerij
„Malah Mandar"

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe pedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos
pesenan poea

**O. Sasmita.**



# TAN JOE AN

**TOEKANG GIGI**

Dimoeka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa-roepa dan bisa obatin penjakit gigi.

Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes



Para Djoeragan sareng saderek saderek pameget istri.

Oepami angkat ka Bandoeng oelah lepat, moegi karoelem di

# HOTEL SLAMET

**BANDOENG.**

Kebondjatiweg 41
angkat ti Station kinten 3 menit.

Tarief Klas I f 2.— doeaan f 3.—
„ II f 1.50 „ f 2.50

sonten vrij thee, endjing endjing kenging koffie soesoe. endog hajam sareng roti.

Ieu Hotel kaetang ageung, pamandangan hegar, nganggo verdieping (balkon), rawatan beresih, lampoe electrisch, tjai leiding, djongos satia, gampil angkat-angkatan ka tempat anoe rame-rame margi tjaraket.

Hormat noe ngadjeng ngadjeng

**E. Carno**

Eigenaar.


**BEKENDMAKING.**

Boepati Garoet memberi tahoe bahwa pada katoornja College van Gecommitteerden dalam 14 hari dari tanggal ini boeat pendoedoek regentschap Garoet disediakan soepaja bisa dilihat begrootingrekening dari penerimaan dan keloearan regentschap Garoet dari taoen 1927 dengan stukken jang toeroet disitoe.

Garoet, 25 September 1928.
Ns. het Coll. v. Gecommitteerden
De Regent van Garoet,
Soeriakartalegawa.


**Geura diadjar gawe badag kalawan perdio!**

Koemisi anoe baris narima oerang priboemi djadi pagawe kapal di Koninklijke Marine, bakal koempoel:

| | | |
|---|---|---|
| di Tjimahi | ti 1— 3 Oetober 1928. | |
| „ Bandoeng | „ 4— 6 | „ |
| „ Tjirebon | „ 8—10 | „ |
| „ Poerwakarta | „ 11—13 | „ |
| „ Depok | „ 15—17 | „ |
| „ Bogor | „ 18—20 | „ |
| „ Soekaboemi | „ 22—24 | „ |
| „ Tjiandjoer | „ 25—27 | „ |

Geura ngadeuheus bae ka prijaji bestir di tempat andjeun, oepama rek asoep dines atawa tataros tina hal kantorna djeung waktoe koempoelna koemisi noe diseboet di loehoer.



Toko Boekoe

# TROMP DE HAAS

voorheen toko **WEBER**

DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.

Sajagi roepi-roepi : **Vulpen houder** sareng parabot **sakola** sareng **Kantor** Ngitjal **penmas** pikeun vulpen.



# Preanger Chemicaliën Handel

**TASIKMALAJA**

**Telefoon No. 76.**

Sajagi wedak salicyl noe **seungit** sareng wedak moerangkalih **seungit**, Eau de Cologne (kolonjo) Lavendel, Malati, Roses.

Katja panon model noe panganjarna tina nekel, double, mas sareng tiasa marios sotjana sakalian.

Noe ngantos pesenan

**VISSER**

Ass. Apotheker en Opticien.



**AL-FOER-QAN**

**Tafsir Qoer'an**

Satoe tafsir jang beloem pernah ada bandingannja di segala bahasa.

Diartikan tiap-tiap satoe kalimah dari satoe ajat setjara woordenboek, lantas diberi arti rangkaian, lantas diberi katerangan (noot), lantas diberi rengkasan boeat tiap-tiap ajat.

Satoe ajat diterangkan ampat kali.

Boleh dapat tjontoh pertjoema.

Tiap-tiap satoe bagian harga f 1.—

Bisa dapat dari kantoor „PERSATOEAN ISLAM"

Pengeran Soemedangweg Bandoeng.

P. T. T. Controleurs. Koe ngareanana tempat pikeun Controleurs hartina saroea bae djeung ngoerangan pikeun tempatna P. T. T. Commiesen.

Ari karereanana anoe djaradi P. T. T, Controleurs teh, kapan ngan bangsa Walanda bae, ari bangsa priboemi mah, ngan oekoer aja hidji-doea bae.

Ari kaperloeanana pakoempoelan teh, djaba ti keur ngahadean positie, kahareupna perloe oge oerang ngajakeun Coöperatie. Tapi lain verbruiks coöperatie, sabab lamoen ngajakeun anoe kitoe mah, taja petana pibisaeun bersaingan djeung Tiong Hwa. Noe katjida perloena pisan mah, ngajakeun Inkoop-Coöperatie, soepaja sagala kaperloean oerang dina sapopoëna, bisa leuwih moerah.

Samboengeun.

# K A B A R

(Tina s. k. sanes).

Kapten Koppen noe hiber make mesin hiber ti Schiphol (Amsterdam) mawa soerat-soerat keur Indonesia dina tanggal 15 September '28, kamari tanggal 25 September geus datang ka Batawi sarta teroes ka Bandoeng reudjeung salamet teu kitoe kieu.

—o—

Mesin hiber noe kadoea ti Schiphol ajeuna geus nepi Bushire rek teroes hiber ka Indonesia.

—o—

Hoofdagent poelisi Kok noe geus didakwa nipoe djeung ngadjepit di peuta koe ambtenaar openbaar ministerie soepaja dihoekoem $2\frac{1}{2}$ tahoen djeung Hioe On Pang batoerna batoerna soepaja dihoekoem $1\frac{1}{2}$ tahoen.

—o—

Di Klappa Sampit (Billiton) koeli-koeli bangsa Tionghwa di galian timah bodas reana ± 2000 geus marogok. Poelisi kapaksa nembongkeun kakoeatanana sarta ngabedil noe rek roesoeh. Nepi ka ajeuna noe marogok geus aja 3 noe maot.

Poelisi aja oge noe tatoe. Ajeuna tjek bedja geus aman deui sanggeus na poelisi bantoean ti Batawi daratang

—o—

Tanggal 15 October Volksraad mimiti doedoek deui rek ngabadamikeun roepa - roepa rarantjang wet djeung begrooting tambahan.

—o—

Tanggal 16 October '28 Inlandsche meerderheid nja eta robahanana tatandingan reana lid Volksraad bangsa Eropa, Priboemi djeung bangsa noe sedjen deui, nja kitoe deui robahan reana lid Raad van Indie, bakal mimiti dibarempoegkeun di Tweede Kamer.

—o—

Kapten Sir Hubert Wilkins geus indit ka Montevideo (Amerika Kidoel), make kapal paranti ngala laoek paoes rek teroes ka koetoeg laoet Kidoel pikeun mariksa kaajaanana.

—o—

Pergerakan Samin di Rembang angger nerekabna. Poeserna pakoempoelan aja di desa Randoeblatoeng. Waktoe ieu elidna aja 3780 djelema.

—o—

Audientie: Tanggal 3 October djoeragan - djoeragan Achmad Rifai sareng H. O. P. Tjakroaminoto bade ngadareuheus ka Toean Besar di Bogor bade ngabarempagkeun hal „erfpacht" (tanah erpah).

Oetoesan Permoesjawaratan Islam di Minangkabau (Soematra) oge bade ngadeuheusan ka Toean Besar. Noe bade ditjarioskeun kaabotanana „Goeroe-ordonnantie".

—o—

Djoer. Ki Aadjar Dewantoro (R. M. Soeardi Soerjaningrat). anoe mimiti mueka sakola Taman-Siswo, ngawitan sasih October bade ngaloearkeun serat kabar boelanan „Wasito". Eusina roepi-roepi elmoe noe patali sareng kabangsaan Indonesia sakalian dilampiran „Orgaan Taman Siswo."

—o—

R. M. Soerjopranoto, Directeur Departement Nationaal onderwijs P. S. I., dibantoe koe Goeroe-goeroe sekola Adhidarmo, bade ngaloearkeun koran namina „Pintoe Pengatahoean."

—o—

Di Kajoetanam (Soematra) Djoeragan Sjafei (ngagadoehan akte Walanda sapertos R. M. Soeardi Soerjaningrat. Kengingna akte di nagri Walanda) ngadegkeun sakola Nationaal (kabangsaan) namina Indonesisch-Hollandsche-School. Ieu sakola sami bae sareng Taman Siswo pada teu njaroehoenkeun Subsidie. Sakolana sareng bangkoe - bangkoena sadajana didamelna koe baroedak sakola sareng sepoeh-sepoehna.

Moeridna seueurna 250. Ngadegna parantos 2 taoen. Ieu sakola parantos ngagadoehan kontrakan sorangan, bengkei sorangan, pakoempoelan moesik sareng s. dj, t.

—o—

Doea nonoman Indonesia: Djr. Soewarno Prawirohardjo sareng djr. Sidhartawan Kartosoedirdjo arangkat ka Eropa, sarakola di Leiden. Ngabeedjeng titel Meester.

Pangadjaran di Leiden langkoeng singget tibatan Sakola Hakim Loehoer di oerang.

—o—

Di Oekraine aja 800.000 djelema kalaparan lantaran pepelakan teu djaradi. Pamarentah geus ngajakeun 31.000.00 roebel (1 roebel = f 1.25) pikeun noeloeng noe kalaparan djeung meuli bibit pepelakan.

—o—

Mr. Fock, oernet Toean Besar, bade dioetoes koe „Vrijheidsbond" djadi elid eerste Kamer, ngagentos toean Jhr. ir. R. R. L. de Muralt.

—o—

Pamarentah Parasman ngalarang ka „de comp. Intern. de Navigation Aerienne" pikeun meuli 30 kapal oedara boeatan Fokker (nagara Walanda).

—o—

## Pakabaran dagang.

Di pasar Batawi karet sheets dit. f 0,46; crepe f $0,46\frac{1}{2}$. Minjak sereb pikeun Oct./Dec. naw. f $2,17\frac{1}{2}$, keur taoen '29 mah reum dit. f 2,20 noe ngadjoeal bajang f 2,30.
Kopi Palembang f $43\frac{3}{4}$ nom.
Pedes hideung kaloearan Sept./Oct. naw. f $90\frac{1}{2}$, ari pedes bodas mah lakoe kana rega f 134.
Goela pasir No. I (P. Soerabaja) naw. $13\frac{3}{8}$ $13\frac{5}{16}$ dit. $13\frac{1}{4}$—$13\frac{3}{16}$.
Karet sheets lakoe f 0,46.
Kopi f 61 nom.


**Djoeragan! Djoeragan!**
**ISTRI**

Ngawitan ti sasih ieu pribados, parantos njajagikeun roepi-roepi entjit, anoe roepi-roepi kembang. Sareng marodel pisan, dina pangaos nanggel tiasa langkoeng mirah ti toko noe arageung, bilih kirang pertjanten enggal ajeuna njeratan njoehoenkeun roepi-roepi tjontona, koe pribados dikintoen Gratis ka adres.

HALIM
West passar Straat 16
BANDOENG.



**Toko KHOUW SIAUW SENG**
**(Toko BENG).**
Tasikmalaja Telefoon No. 2.

Sajagi Band Kareta Mesin, Band-band Auto Merk Goodrich, Michelin. Goodyear, Dunlop, sakalian sareng parabot pikeun Auto (onderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) saperti Beureum, hedjo, blao, koneng kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggo leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepenier.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasohor kakoewatanana, dina waktoe ajeuna keur rame pisan anoe ngarangga bedil angin (windbuks) pikeun plesiran, nja eta keur bladjar nembak atawa keur manoek, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroeksak kana pipiaraan, heulang. kalong, sareng sadjabi ti eta sato-sato anoe ngaroeksak, tangtos tiasa kenging koe B. S. A. tea

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong roepi² anoe kaliber $5\frac{1}{2}$ sareng $4\frac{1}{2}$, nja eta merk B. S. A. anoe mashoer kakiatanana sareng saena, pelorna sajagi tjoekoep, sadjabi ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Wesminster, erlodji anoe sarae, peso silet peso tjoekoer goenting mesin anoe parantos mashoer kasaeanana, njondong roepi roepi oekoeran filter (saringan tjai) pikeun ngadjagi kawarasan, atawa kasehatan.



**TOKO KHOUW SIAUW SENG**
**(TOKO BENG)**
Tasikmalaja

Djaman kamadjoean, kitoe deui ajeuna pikeun ngentengkeun kana perdjalanan, disajagikeun Autobus anoe brangkat:

Tasikmalaja-Bandoeng via Garoet via-versa
ti Tasik ± djam 5,30 endjing ti Bandoeng ± djam [illegible] siang.

Tasikmalaja-Garoet via Singaparna. via-versa
ti Tasik ± djam 7 endjing ti Garoet ± djam 11,30 siang.

Tasikmalaja-Cheribon via Tjiamis en Koeningan via-versa
ti Tasik ± djam 3 soeboeh ti Cheribon ± djam 3,30 soeboeh; ti Tasik ± djam 8,30 endjing ti Cheribon ± djam 8 endjing.

**Stopplaats.**
di Tasikmalaja pajoeneun Toko „Beng"
„ Garoet „ Station S. S.
„ Bandoeng „ „ „
„ Cheribon „ Hotel Canton Kadjaksaan, sareng pasar Balong.

N. B. Sadaja autobus di merekan T. H. autobus dienst.



Enggal moendoet dikintoen rembours, atanapi ngintoenkeun artos ti pajoen soepados ongkosna langkoeng mirah anggoëun ngagaleuh boekoe-boekoe basa **Soenda:**

| | |
|---|---|
| Wawatjan Eunden Joejoe | f 0,75 |
| „ Roesiah noe kasep | f 1,20 |
| Wawatjan Hadis | f 0,50 |
| Wawatjan Kangdjeng Pangeran Soemedang | f 0,75 |
| Wawatjan Sadjarah Ambia ti I doegi ka VII 'a | f 1,— |
| id. sadjilid tamat nganggo djilid linnen | f 8,25 |
| Wawatjan Toeudjoeng Woelan | f 0,50 |
| Wawatjan Ibadah kalawan iman | f 0,90 |
| Wawatjan Mi'radj K. N, Moehammad | f 0,75 |
| Wawatjan Nabi Paras | f 0.50 |
| Wawatjan Eunden Sari Bannon | f 1.— |
| Wawatjan Sajidina Amir Hamzah ka II | f 1,— |
| id ka tiloe | f 1,— |
| Sadjarah tanah Djawa | f 1,— |
| Sawer Pamalaten (Sawer panganten) | f 0.20 |
| Sawer Pakoean | f 0,20 |
| Aki-aki ogoan | f 0,50 |
| Hadis Miradj | f 0,50 |
| Boekoe diadjar aksara djeung matja I. IIA. IIB III à | f 0,45 |
| Tembang sisindiran | f 1,50 |
| Wawatjan Pangeran Pandji Danoemaja ti I doegi ka V 'a | f 1,— |
| id. sadjilid tamat nganggo djilid linnen | f 6,— |
| Paririmbon I roepa-roepa alamat impian | f 0.50 |
| id. II | f 0,50 |
| Wawatjan Soekma Sadjati | f 0.90 |
| Tjarita Lali Djiwa | f 0,50 |
| Roesiah noe geulis ti I doegi ka III 'a | f 1,— |
| id. sadjilid tamat nganggo djilid linnen | f 4,— |
| Gondang Djampang | f 0,25 |
| Lajang Moeslimin - Moeslimat | f 1,50 |

**Djabi ongkos ngintoenkeun.**

Anoe ngantos pesenan
**Boekhandel & Drukkerij**
**M. I. Prawira - Winata**
Katja-katja Wetan 132 Bandoeng.

N. B. Boekoe-boekoe anoe kasebat di loehoer kenging oge dibom.



Salamina sajagi sindjang Polenggeran Tjiandjoer No. I sareng II pangaos f 2,60 f 2,75 f 3.— Sareng taroempah damelan Tjiandjoer djait nganggo lapis karet f 2,25, taroempah koelit sadajana f 2,— f 2,25 f 2,50 f. 3,— sareng nembe nampi pesenan ti Nageri Orlodji merk Sima tempatna nekel djalana ditanggel sae Pangaos f 9,— Sinareng doepi ieu pesenan barang barang oepami henteu pandoek kenging diliroakeun deui dina sanes model barang, moegi sadaja djoeragan-djoeragan enggal njobian pesen ditanggel sadaja barang-barang sae.

Hormat
**Mohamad Koerdi**
Kebonkembang Tjiandjoer.



Hatoer noehoen ka anoe parantos timpah ngagaraleuh Zakalmenak 1929.

Ajeuna bade diseueuran deui ngadamelna, tjawisan noe tarebih.

Pangaosna? Ah, teu kedah ditaroskeun deui, mirah bae! Sanes f 1,— sanes f 0,50, teu satalen talen atjan moeng . . . . f 0, 10

Eusina pepek sasih Walanda sasih oerang, manis pahingna, hari besarna, oekoeran-oekoeran sareng roepi-roepi timbangan, raraban oge pepek, ngagoembirakeun moerangkalih sareng samboeng lajang. Enggal pesen, seëpeun 31 Augustus parantosna.

Noe ngaloearkeun
**Toko Boekoe en Drukkerij**
Tjitandoej v. h. Pasoendan
T a s i k m a l a j a.

N. B. Noe ngagaraleuh ka Agent Agent teu kirang ti 5 benggol 10 almenak ongkos vrij.



**TEGEL FABRIEK**
**„NAJA"**
Goenoengsabeulah Tasikmalaja.
—o—

Sajagi roepi roepi tegel, ton buizen (koeloewoeng) sareng beton roosters.

Pangaos sareng kakiatan di tanggel ngabingahkeun. Prijs lijst sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadieng ngadieng
**S. Najawilaga.**



**ROBINON** **ROBINON**

Jang amat perloe disediakan di dalem semoea roemah tangga! jang amat perloe boeat orang toea atawa moeda:

# „ROBINON"
## HUID - en WONDOLIE

Minjak obat boeat SEGALA penjakit koelit dan SEGALA — loeka-loeka, besar ketjil. —
(Koelitnja digosok, loekanja ditoetoep sadja sama kapoek — pake minjak. —

**ROBINON** tida ada laen dari **ROBINON**.

Satoe minjak jang ditanggoeng pasti dan dapet menjemboehken roepa-roepa penjakit koelit dan keroeksakan daging.

Harga satoe flacon 10 Gram . . . . f 0.25
20 „ . . . . f 0.50
30 „ . . . . f 0.75

Pembeli boeat djoeal lagi dapet korting dari 10% sampe 30%.

**Fabriek „I L T A"**
TASIKMALAJA.

Bisa dapet beli dari OEIJ HAN LIE Batikhandel Tasikmalaja.
Djoega sedia tempat sirih nikel harga per stel f 15.






**Ketoe Oedeng Makerij**
**HALIM**
**West Pasar straat 16 Bandoeng**




Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraśna noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.
1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Oepami oedeng Dubbel tambih f 0,50. Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan nganggo. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

**Prijscourant teu sajagi.**



**INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU**

**Ir. Soekarno en Ir. Anwari.**

Regentsweg 8, Bandoeng.

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.